

NIVO ELEMANTÈ EGZAMEN SYANS SOSYAL

PREMYE LIV

POU REPOSNS KI BYEN ÒGANIZE EPI KI GEN OBJEKTIVITE

17 NOVANM 2004

Non elev la _____

Non lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl ou an lèt majiskil sou liy ki anwo yo.

Egzamen sa a gen twa pati. Premye Pati a ak Dezyèm Pati a nan ti liv sa a; Twazyèm Pati a nan Dezyèm Liv la.

Premye Pati a gen 35 kesyon ki gen plizyè chwa. Ekri repons pou kesyon sa yo sou yon fèy papye apa. Sèvi ak yon kreyon nimewo de (2) sou fèy repons lan.

Dezyèm Pati a gen plizyè kesyon ki merite yon repons kout. Ekri repons ou yo pou Dezyèm Pati a nan espas ki la pou sa nan ti liv sa a.

W ap gen inèdtan edmi pou w reponn kesyon ki nan Premye Liv la.

PINGA OU VIRE PAJ SA A TOUTOTAN YO POKO DI W VIRE L.

Premye Pati

ESPLIKASYON

Gen 35 kesyon nan Premye Pati egzamen sa a. Apre chak kesyon gen kat repons pou chwazi pamì yo; repons yo make depi A pou rive D. Li chak kesyon ak anpil atansyon. Deside kiyès nan repons ochwa yo ki bon repons lan. Nan fèy apa kote pou ekri repons lan, make repons ou sou ranje ki gen ti sèk pou chak kesyon yo. Nwasi ti sèk ki gen menm lèt ak repons ou chwazi a. Sèvi ak yon kreyon pou ou make repons ou yo sou fèy la.

Li **egzanp** ki la a:

Egzanp

Ki vil ki kapital Eta New York?

- (A) Utica
- (B) Albany
- (C) Vil New York
- (D) Buffalo

Repons ki kòrèk lan se **Albany** ki kote lèt **B** a. Sou fèy pou make repons ou an, gade bwat ki montre ranje ki gen ti sèk pou repons pou kesyon ki nan egzanp lan. Kòm se chwa **B** a ki repons ki bon pou kesyon nan egzanp lan, se ti sèk ki gen lèt **B** a ki nwasi.


Reponn tout 35 kesyon yo ki nan Premye Pati nan egzamen an. Nwasi yon sèl ti sèk pou chak kesyon. Si w vle chanje yon repons efase 1 byen efase. Ou gen dwa pa ka reponn kèk kesyon, men, fè sa w kapab pou chak kesyon.

Lè ou fini ak Premye Pati a, ale nan Dezyèm Pati a.

Premye Pati

Reponn tout kesyon ki nan pati sa a.

Baze repons ou pou kesyon 1 ak 2 sou kat ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



Sous: *Communities Near and Far Workbook*, Macmillan Publishing (adapté)


- 1** Zòn yo montre nan kat sa a, nan ki vil li ye?
(A) Philadelphia, Pennsylvania (C) Lincoln, Nebraska
(B) New York, New York (D) Washington, D.C.

- 2** Nan ki direksyon yon moun deplase si l sòti nan Jefferson Memoryal pou ale nan Lincoln Memoryal?
(A) nòdès (C) sid
(B) nòdwès (D) ès

- 3** Pou selebre fêt Joudlan, timoun Chinwa yo resevwa yon anvlop wouj ki gen lajan, epi yo gade parad dragon. Kisa aktivite sa yo montre pou Lachin
(A) bezwen yo (C) tradisyon yo
(B) manje yo (D) responsabilite yo

Baze repons ou pou kesyon 4 ak 5 sou kat ki pi ba la a.

Kat ki Montre Pwodiksyon nan Amerik Santral




Sous: *Comprehensive Social Studies Assessment, Elementary Level*, Options Publishing, Inc., 2002 (adapte)

- 4 Di non de (2) peyi ki kole ak Kostarika.
- (A) Panama ak Nikaragua (C) Nikaragua ak Salvadò
(B) Salvadò ak Panama (D) Ondiras ak Gwatemala

- 5 Kilès nan pwodwi sa yo ki genyen nan tout peyi Amerik Santral yo **sòf** Beliz?
- (A) kafe (C) fig
(B) koton (D) sik
-

Baze repons ou pou késyon 6 sou ilistrasyon ki pi ba la a.

Kisa Sosyete Lachas ak Keyèt yo te Konn Fè ak Mamout ki Gen Lenn yo




Sous: *Comprehensive Social Studies Assessment, Elementary Level*,
Options Publishing, Inc., 2002 (adapte)

- 6 Sosyete lachas ak keyèt yo te konn sèvi ak zo mamout ki gen lenn yo pou
(A) fè rad (C) fè zam ak zouti
(B) jwenn vyann (D) fè dife
-
- 7 Tout très premye koloni yo te bò
(A) Gòf Meksik (C) Oseyan Atlantik
(B) Rivyè Mohawk (D) Gran Lak yo
- 8 Pi bon definisyon ki genyen pou yon fwontyè, se yon liy imajinè ki
(A) separe yon Eta oswa yon peyi ak yon lòt
(B) ansèkle Tè a
(C) separe Emisfè Ès ak Emisfè Wès
(D) separe chenn montay yo ak rivyè yo

- 9** Plantè ki rete nan zòn tè sèch te bati kisa pou jwenn dlo nan jaden yo?
- (A) wout ki simante (C) pon ak tinèl
(B) sistèm irrigasyon (D) ray pou tren
- 10** Men kèk egzanp resous natirèl
- (A) izin, bon wout, ak gwo popilasyon
(B) tè, forè, ak mineral
(C) otomobil, fèm letyè, ak gouvènman
(D) magazen, konpayi pwodwi chimik, ak izin pou rad
- 11** Rezon prensipal ki fè kominate yo adopte règleman ak lwa yo se pou
- (A) ankouraje moun ak fanmi yo pati
(B) fè moun jwenn pi bon sistèm pou transpò
(C) gouvènen ak pwoteje sitwayen yo
(D) mete travay pou sitwayen yo
- 12** Nan Etazini, yon gouvènè se chèf yon
- (A) emisfè (C) Eta
(B) peyi (D) vil
- 13** Haudenosaunee (Iwokwa) yo te konn bati kay long ki fèt ak bwa. Se yon egzanp ki montre kouman Haudenosaunee yo te depann sou
- (A) anviwonnan yo (C) sistèm komès yo
(B) reprezantan yo (D) gouvènman yo
- 14** Rezon ki fè Ewopeyen yo te rele kontinan Amerik di Nò ak Amerik di Sid yo Nouvo Monn pandan ane 1600 yo, se te paske
- (A) moun ki te viv nan kontinan sa yo te pale yon lòt lang
(B) yo te dekovouri lò ak epis nan kontinan sa yo
(C) anvan Ewopeyen yo te rive, pat gen pèsonn ki te viv sou kontinan sa yo
(D) Ewopeyen yo pat konnen kontinan sa yo anvan

Baze repons ou pou kesyon 15 sou grafik ki gen pòtre ladan l ki pi ba la a.



Sous: John J. McCusker ak Russell R. Menard,
The Economy of British America, 1607–1789 (adapte)

15 Kisa ki te popilasyon New York an 1760?

- | | |
|-----------------|------------------|
| (A) 60,000 moun | (C) 110,000 moun |
| (B) 95,000 moun | (D) 115,000 moun |
-

16 Objektif prensipal Deklarasyon Endepandans lan, se te pou

- (A) bay yon mwayen pou chwazi yon novo prezidan nan eleksyon
- (B) ankourage kwasans ekonomi an
- (C) fose Angletè fini lagè ak Lafrans lan
- (D) esplike poukisa kolon yo te vle libere tèt yo anba kontwòl Angletè

Baze repons ou pou késyon 17 ak 18 sou reklam ki pi ba la a.

NEW-YORK CENTRAL RAIL ROAD

NOU VOYE
BAGAJ
YO DIRÈK
TOUT
KOTE

SÈVIS KI
SÒTI ALBANY
POU ALE NAN
TOUT KOTE
NAN NÒDWÈS,
SIDWÈS,
AK WÈS

Wout ki pi kout ak pi dirèk ki sòti nan tout kote nan New England.
SENK TREN ESPRÈS KI KITE ALBANY CHAK JOU

Koneksyon nan Buffalo avèk
LAKE SHORE & BUFFALO &
LAKE HURON RAILROAD

Koneksyon nan Suspension Bridge avèk
GREAT WESTERN RAILWAY

Sous: *New York: Our State and Its Communities*, Scott, Foresman, and Co. (adapte)


17 Ki konpayi tren ki te sèvi ak afich sa a kòm reklam?

- (A) Great Western Railway (C) New England Railroad
(B) New York Central Railroad (D) Lake Huron Railroad

18 Pou ki rezon yon vwayajè ta vle sèvi ak konpayi tren sa a?

- (A) Li fè wout ki pi kout ak pi dirèk ki sòti tout kote nan New England.
(B) Li fè wout ki pi kout ak pi rapid ki genyen pou ale nan Vil New York.
(C) Li konekte Buffalo ak Kannal Erie.
(D) Se li ki te premye konpayi tren transkontinantal la.

Baze repons ou pou késyon 19 sou enfòmasyon ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



Pou demonstre vitès machinakoud li a, envantè Elias Howe te fè yon kous vitès ak senk fi ki tap koud alamen. Envansyon Howe la te ede Eta New York la vin pi gwo pwodiktè rad nan peyi a.

Sous: Monique Avakian,
A Historical Album of New York,
Millbrook Press (adapte)

- 19** Elias Howe te envante machinakoud li a an 1845. Ki konsekans li te genyen pou Eta New York la?
- (A) Rad yo fè nan faktori te vin yon endistri enpòtan nan New York.
 - (B) Pri rad yo te fè nan faktori New York yo te monte.
 - (C) Li te lakòz pa gen esklavaj nan Eta New York ankò.
 - (D) Pifò nan moulen koton New York yo te fèmen.
-

Baze repons ou pou kesyon 20 sou tablo ki pi ba la a.


Plantè ak Plantasyon nan Eta New York, 1850–1900		
Ane	Kantite Plantasyon ki te Genyen	Tè ki te Sèvi pou Plantasyon yo
1850	171,000	19 milyon kawo
1860	195,000	21 milyon kawo
1870	216,000	21 milyon kawo
1880	241,000	24 milyon kawo
1890	226,000	22 milyon kawo
1900	227,000	23 milyon kawo

Sous: *Resansman Etazini, 1850–1900* (adapte)

- 20** Nan kilès nan peryòd 10 an sa yo kantite plantasyon ak kantite kawo tè ki te sèvi pou plantasyon yo te bese?
- (A) 1860–1870 (C) 1880–1890
(B) 1870–1880 (D) 1890–1900
-
- 21** Ki jou fêt ki onore tout gason ak fi ki te goumen pou defann Etazini yo?
- (A) Fêt Prezidan yo (*Presidents' Day*)
(B) Fêt Travay (*Labor Day*)
(C) Fêt Ansyen Konbatan yo (*Veterans Day*)
(D) Jou Remèsiman (*Thanksgiving Day*)
- 22** Pou vote nan yon eleksyon nasyonal, yon moun dwe sitwayen nan Etazini epi li dwe
- (A) konn li angle
(B) deja viv nan peyi sa a pandan senk an
(C) gen 18 an pou pi piti
(D) gen yon travay
- 23** Gen yon eleksyon prezidansyèl ki fêt nan Etazini chak
- (A) 8 an (C) 3 an
(B) 5 an (D) 4 an

- 24** Pou dekri yon pati politik, ou ka di se yon gwooup moun ki
- (A) achte machandiz pou revann pou fè benefis
 - (B) travay matyè premyè pou fè machandiz
 - (C) gen menm lide sou kouman yon gouvènman dwe fonksyonnen
 - (D) se desandan yon menm zansèt
- 25** Nan yon peyi demokratik, moun ki nan tèt gouvènman an se
- (A) ofisyèl yo nonmen avi
 - (B) yon moun ki pran pouvwa ak fòs
 - (C) moun ki pi rich yo
 - (D) lidè pèp la chwazi nan eleksyon
- 26** Kisa ki lòd kòrèk la, nan etap pou yon pwojè lwa pase anvan li tounen yon lwa nan Eta New York?
- (A) yo ekri pwojè lwa a → gouvènè a siyen l → asanble a apwouve l → sena a apwouve l
 - (B) yo ekri pwojè lwa a → sena a apwouve l → gouvènè a siyen l → asanble a apwouve l
 - (C) yo ekri pwojè lwa a → asanble a apwouve l → gouvènè a siyen l → sena a apwouve l
 - (D) yo ekri pwojè lwa a → asanble a apwouve l → sena a apwouve l → gouvènè a siyen l

Baze repons ou yo pou késyon 27 ak 28 sou kat Eta New York ki pi ba la a.



Sous: *New York Social Studies*, Scott Foresman (adapte)


27 Ki kantite mil ki genyen apeprè ant Poughkeepsie ak Ticonderoga?

- | | |
|---------|---------|
| (A) 50 | (C) 170 |
| (B) 100 | (D) 270 |

28 Ant ki de (2) liy lonjitud Lak Canandaigua ye?

- | | |
|------------------------------------|------------------------------------|
| (A) 43° N– 44° N | (C) 42° N– 43° N |
| (B) 77° W– 78° W | (D) 76° W– 77° W |

Baze repons ou pou késyon 29 ak 30 sou grafik ki pi ba la a.



Sous: James A. Banks et al., *Communities – Adventures in Time and Place*, McGraw-Hill (adapte)


29 Kisa ki te popilasyon apwoksimatif San Francisco an 1900?

- | | |
|-------------|-------------|
| (A) 250,000 | (C) 350,000 |
| (B) 300,000 | (D) 400,000 |

30 Ant ki ane ak ki ane popilasyon San Francisco a monte pi plis?

- | | |
|---------------|---------------|
| (A) 1800–1850 | (C) 1900–1950 |
| (B) 1850–1900 | (D) 1950–1997 |
-

Baze repons ou pou késyon 31 sou òganizatè grafik ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.



31 Kilès nan tit sa yo ki pi bon pou òganizatè grafik sa a?

- | | |
|--------------|--------------|
| (A) Peyi | (C) Kominote |
| (B) Kontinan | (D) Vil |
-

32 Kilès nan deklarasyon sa yo, sou Eta New York la, ki yon opinyon?

- (A) Kannal Erie a konekte vil Albany ak Buffalo.
- (B) Eta New York la pataje yon fwontyè ak Kanada.
- (C) Se Eta New York ki pi bon Eta nan Etazini.
- (D) Se Vil New York ki pi gwo vil nan Eta New York la.

33 Sa ki pwoteje libète fondamantal tout sitwayen nan Etazini se

- (A) Deklarazyon Dwa Moun lan (C) Akò Meflawè a
- (B) Deklarasyon Endependans lan (D) Plan Inyon Albany a

Baze repons ou pou kesyon 34 la sou enfòmasyon ki nan kare pi ba la a.

- Timoun ann Almay yo fete Jou Sen Nikola le 6 desanm.
- Pèp Taylann lan fete Joudlan de (2) fwa: yon fwa le premye janvye, epi yon fwa ankò pandan twa jou nan mwa avril la.
- 26 janvye se Jou Ostrali, lè moun fete premye enstalasyon Ewopeyen yo nan peyi sa a.
- Pèp Brezil ak Pewou yo fete Kanaval chak ane.

34 Deklarasyon sa yo montre diferan peyi sou latè gen diferan

- | | |
|----------------------|----------------------------|
| (A) kalite gouvènman | (C) sistèm edikasyon |
| (B) sistèm ekonomik | (D) jou fêt ak selebrasyon |
-

35 Nan Eta New York la, ki branch gouvènman ki kontwole tribinal nan vilaj yo, nan bouk yo, nan vil yo ak nan Eta a?

- | | |
|----------------|------------------|
| (A) lejislatif | (C) jidisyè |
| (B) egzekitif | (D) prezidansyèl |
-

KONTINYE NAN PAJ APRE A ➔

FOR TEACHER USE ONLY

Part I Score _____

Maximum Total is 35 Points

Dezyèm Pati

Esplikasyon: Ekri repons ou pou kesyon sa yo nan espas yo ba ou nan ti liv egzamen sa a.

Baze repons ou pou kesyon 1 pou rive 3 sou chema kwonologik ki pi ba la a.

Premye Esploratè Ewopeyen nan Zòn Eta New York la

1500	1550	1600	1650
1524 Giovanni da Verrazano kòmande yon espedisyon franse ki antre nan Bè New York	1535 Jacques Cartier navige monte Rivyè Sen Loran	1609 Samuel de Champlain esplore zòn nò nan New York. Avèk Iwon ak Algonken yo, li bat lwo kwa yo nan Lak Champlain	1615 Champlain travèse Lak Ontario pou rive nan zòn Onondaga kote lwo kwa yo te ye

Sous: Vivienne Hodges, *New York State Elementary Social Studies Coach* (adapte)

- 1 Nan ki ane Champlain te esplore zòn Onondaga a? [1]

Nòt


- 2 Dapre chema kwonologik sa a, kilès ki te *premye* rivyè Ewopeyen yo te esplore nan zòn Eta New York la? [1]

Nòt

- 3 Ki eleman nan chema kwonologik sa a ki kore reklamasyon Olandè yo te fè sou sa ki Eta New York la jodi a? [1]

Nòt

Baze repons ou pou kesyon 4 pou rive 6 sou kat ki pi ba la a.



Sous: *Exploring American History*, Globe Book Company
(adapte)

4 Di non **twa** diferan gwoup koloni ki te egziste pami trèz koloni yo. [1]

a _____

b _____

c _____

Nòt

5 Dapre kat sa a, nan ki gwoup nan trèz koloni yo koloni New York la te ye? [1]

Nòt


6 Ki fwontyè natirèl ki te fè li difisil pou kolon yo deplase nan direksyon wès? [1]

Nòt

KONTINYE NAN PAJ APRE A ➔

Baze repons ou pou késyon 7 pou rive 9 sou table ki pi ba la a, epi sou konesans ou nan syans sosyal.

**Sikonstans ki te Lakòz yo Adopte Lwa sou Temm
ian Anvan Lagè Revolisyonè a**



- 7 Kisa ki te konsekans pi dirèk bezwen lajan Angletè te genyen pou finanse lagè kont Franse ak kont Endyen yo? [1]

Nòt

- 8 Ki eleman nan table a ki montre pwotestasyon kolon yo ak Pitit Libète yo te bay rezulta yo te vle yo? [1]


Nòt

9 Kisa yon sitwayen kapab fè jodi a pou pwoteste pasifikman kont yon aksyon gouvènman an pran? [1]

Nòt

KONTINYE NAN PAJ APRE A ➔

Baze repons ou yo pou késyon 10 pou rive 12 sou pòtre ki pi ba la yo, ki montre kouman yon vilaj ka chanje avèk tan.



Sous: *Living in Our World*, Harcourt/Brace (adapte)

10 Ki komès ki te genyen nan vilaj sa a an 1960? [1]

Nòt

11 Dekri **de** (2) diferan chanjman pòtre sa yo montre, ki te rive nan vilaj la ant 1960 ak 1980. [1,1]

a _____

Nòt

b _____

Nòt

12 Dapre tandans ki parèt nan chanjman ki rive ant 1960 ak 1980 yo, ak kisa vilaj sa a ta kapab sanble nan ane 2000? [1]

Nòt

FOR TEACHER USE ONLY

Part II Score _____

Maximum Total is 13 Points

